



## Gid pou Mask

### Konsèy Jeneral:

- Mask yo ede trape ti gout ak ayewosòl ki soti nan bouch ak nen moun ki mete yo a epi anpeche yo rive ale jwenn lòt moun.
- Toujou mete yon mask oswa kouvèti figi lè w nan piblik - andedan kay la epi ak deyò- ak lè ou ou bò kote moun ou pa viv avèk yo.
- **Lave men ou anvan ou mete mask ou epi apre ou fin retire li.** Pa manyen devan mask la. Kenbe li sèlman nan pasan zòrèy yo oswa atachman yo.
- Sonje, mask ou dwe toujou kouvri nen ou ak bouch ou, byen plase alantou nen an ak manton an san pa gen anpil espas vid sou kote figi a.

### Pou Piblik la:

1) **Kouvèti Figi an Twal** - Itilize yon kouvèti figi senp an twal ka ede prevni pwopagasyon viris la. Yon senp kouvèti figi an twal ka fèt ak atik ki deja lakay ou. **Yo ta dwe lave anvan ou mete yo ankò.**

Fabrik **ki pi efikas** pou mask an twal yo se:

- Fabrik ki byen tise, tankou koton ak melanj koton
- Ki pèmèt ou respire
- Gen de oswa twa kouch

2) **Mask pou Figi Jetab, ki Pa-Medikal. Ou ka prefere sèvi ak mask jetab lè mask ou a gen anpil chans pou mouye oswa sal.** Yo pa menm ak mask chirijikal oswa lòt mask yo. Sonje pote mask jetab siplemantè ak ou nan ka ou bezwen chanje yon mask ki sal oswa mouye. **Mask sa yo pa ka lave.**

3) Ou ka chwazi tou mete yon mask jetab anba yon mask an twal.

- a. Dezyèm mask la ta dwe pouse sou kote nan mask andedan an touche ak figi ou.

**Pou Travayè Swen Sante ak nan Premye Liy yo:** *Mas chirijikal ak respiratè yo se ekipman kritik ki ta dwe rezève pou travayè swen sante ak lòt travayè nan premye liy pou prevni mankman ekipman.*





1) **Mask Chirijikal pou Figi** - mask chirijikal pou figi (medikal) ede trape ti gout likid ak ayewosòl ki soti nan bouch ak nen moun ki mete li a epi anpeche yo rive ale jwenn lòt moun. **Mask sa yo pa ka lave.**

2) **Respiratè N95** - N95 respiratè yo filtre deyò omwen 95% nan patikil ki nan lè a, ki enkli gwo ak ti patikil epi yo sètifye pa Enstiti Nasyonal Ameriken pou Sekirite ak Sante ak Travay (NIOSH). Respiratè N95 egziye otorizasyon medikal, fòmasyon, ak tèl ajisteman pou mete yo kòrèkteman. **Respiratè sa yo pa ka lave.**

3) **Respiratè N95** - N95 respiratèbay bon jan pwoteksyon pou pèsonèl swen sante ,men yo pa te apwouve pa NIOSH. Sepandan, US Food and Drug Administration (FDA) te otorize respiratè

KN95 pou itilize nan anviwònman swen sante lè respiratè N95 yo pa anpil oswa pa disponib. Respiratè sa yo pa ka lave. Ki mask ki bon pou mwen?

Si travay ou mande pou itilize ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE), tablo sa a bay **rekòmandasyon minimòm**. Sipèvizè ou ak/oswa anplwaye yo ka mande nivo PPE ki pi wo.

TIP TRAVAY/TASK/ AKTIVITE	MASK POU FIGI AN TWAL/ KOUVRI	MASK CHIRIJIKAL (FIGI MASK)	RESPIRATÈ KN95	RESPIRATÈ N95
				
Aktivite jeneral an piblik - fè acha, mache nan pak , elatriye.	X	X		
Entèaksyon ak kòlèg travay nan yon biwo travay	X	X		
Kontak kout souvan ak piblik jeneral la (biwo resepsyon/anplwaye akèy)	X	X	X	
Kontak sere kout (konsiltasyon ak kliyan nan biwo)	X	X	X	
Kontak sere pi long avèk kliyan (vizit lakay/enspeksyon)	X	X	X	X
Kontak pi long/pisere (sèvis swen pèsònèl)		X	X	X
Lapolis, kontak minim	X	X	X	
Lapolis, kontak sere (Konfwontasyon fizik, arestasyon)	X	X	X*	X*
Anplwayeabri ijans (sipò pou COVID- konfime/sispèk I9		X		X
Pwosedi sou pasyan ki jenere ayewosòl (ki gen sentòm COVID-19 oswa estati enkonni) AK pwoteksyon je (bare figi, oswa linèt pwotèj)				X

\* Note ke respiratè N95 ak KN95 ka limite respirasyon ki ka poze yon pwoblèm pandan aktivite fizik difisil.